

## BAB III

### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Méthode Panalungtikan

Méthode asalna tina basa Latin *methodos* anu diwangun ku dua kecap nya éta *meta* jeung *hodos*. *Meta* ngandung harti ngaliwatan, jeung sanggeus, sedengkeun *hodos* ngandung harti jalan, cara, jeung arah. Méthode panalungtikan nya éta cara anu digunakeun ku nu nalungtik ngaliwatan léngkah-léngkah sistematis pikeun ngumpulkeun data panalungtikan, nganalisis, tur napsirkeun jeung nyindekkeun hasilna. Méthode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif.

Maksud nu hayang dihontal dina ieu panalungtikan déskriptif téh, nya éta pikeun ngadéskripsikeun ajén moral nu nyangkaruk dina struktur carita dongéng-dongéng *Manglé Alit* wedalan taun 2012, sangkan meunangkeun gambaran luyu henteuna éta dongéng digunakeun pikeun bahan pangajaran maca di SMP. Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan déskriptif téh, nya éta saperti ieu di handap.

- 1) Ngumpulkeun data, anu mangrupa déskripsi struktur carita dongéng *Manglé Alit* anu medal taun 2012;
- 2) nganalisis ajén moral dina struktur carita dongéng *Manglé Alit* anu medal taun 2012;
- 3) ngadéskripsikeun hasil penapsiran jeung kacindekan hasil analisis.

#### 3.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan nya éta cara atawa léngkah konkrit tina méthode nu digunakeun pikeun ngahontal tujuan. Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

##### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data-data ieu panalungtikan, ngagunakeun téhnik studi

dokumentasi. Ieu téhnik téh digunakeun pikeun ngumpulkeun data ajén moral nu aya dina struktur carita dongéng-dongéng *Manglé Alit*, anu medal taun 2012.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Dina ngolah data anu geus dikumpulkeun, ngagunakeun téhnik analisis data anu guna na pikeun nganalisis éta data sarta diteuleuman nepi ka meunangkeun ajén moral dina struktur carita dongéngna. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan, katitén saperti ieu di handap.

- 1) Maca sagemblengna dongéng-dongéng *Manglé Alit* anu medal taun 2012;
- 2) milah-milah dongéng anu rék dianalisis ku cara maca jeung neuleuman deui eusi dongéng, kalawan tinimbangan miboga ciri ajén moral dumasar kana watesan masalah panalungtikan;
- 3) nganalisis ajén moral dina struktur carita dongéng *Manglé Alit* taun 2012, kalawan leuwih museur kana nganalisis téma, palaku, jeung amanat dina dongéng;
- 4) nyirian téma, palaku, jeung amanat dina dongéng, tuluy diasupkeun kana kartu data;
- 5) ngawilah-wilah kartu data dumasar kana judul jeung jenis dongéngna;
- 6) ngasupkeun data-data tina kartu data kana tabél;
- 7) nyieun kacindekan ajén moral dumasar kana struktur caritana (téma, palaku, amanat), tur nyindekkeun ciri ajén moral nu kapanggih, sarta nyindekkeun sakabéh data anu geus dianalisis.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu dipaké pikeun ngumpulkeun, nganalisis, ngolah, jeung ngainterprétasikeun sagala informasi data. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta kartu data jeung tabél. Kartu data dipaké pikeun nganalisis ajén moral dina struktur carita dongéng anu diwatesanan ngeunaan téma, palaku, jeung amanat. Éta data nu geus dianalisis téh dituliskeun dina tabél.

Format kartu datana téh nya éta saperti ieu di handap.

1) Kartu data téma dongéng

Kode data :
No :
Téma :
Kode dongéng:
No. <i>Manglé</i> :
Kaca :
Paragraf :
Téks : .....
.....

2) Kartu data palaku dongéng

Kode data :
No :
Palaku utama/tambahan:
Kode dongéng:
No. <i>Manglé</i> :
Kaca :
Paragraf :
Téks : .....
.....

3) Kartu data amanat dongéng

Kode data :
No :
Kode dongéng:
No. <i>Manglé</i> :
Kaca :
Amanat :
Paragraf :
Téks : .....
.....

Data struktur carita nu dianalisis téh dibéré kode saperti ieu di handap.

T : Téma

P : Palaku

PU : Palaku Utama

PT : Palaku Tambahan

A : Amanat

Data dongéng nu dianalisis dibéré kode, nya éta saperti ieu di handap.

I : *Tukang Samangka jeung Baramaén*

II : *Tukang Batu*

III : *Sasakala Reungit Nyeuseup Getih*

IV : *Ibnu Hajar*

V : *Bola Gondong*

VI : *Marebutkeun Orok*

VII : *Paménta Oray*

VIII : *Sasakala Désa Bunigeulis*

IX : *Séro jeung Keuyeup*

X : *Hikmah*

XI : *Sasakala Cabé Lada*

XII : *Oray Salak jeung Daun Pulus*

XIII : *Kasedih Munding*

XIV : *Kuring Sakadang Peucang*

XV : *Kuda, Uncal, jeung Maung*

XVI : *Cai Laut Asin*

XVII : *Sasakala Lutung leuwih Saeutik batan Monyét*

Conto analisis data tina kartu data téma dongéng, nya éta :

...sikep kumed bakal ngarugikeun diri. (1/T/I/2355/45/4)

Cutatan téks : “Euweuh Aki! Boro-boro bisa méré, puguhan ti tatadi ogé can payu hiji-hiji acan!” témbal tukang samangka bari jamotrot. “Dibikeun ka didinya mah kuriak waé tambah sial geura engkéh!” pokna deui.

Hartina eusi éta kode data téh, nya éta analisis téma nomer hiji tina dongéng *Tukang Samangka jeung Baramaén*, dina *Manglé* nomer 2355, kaca 45, paragraf kaopat. Hasil analisis tina kartu data diasupkeun kana tabél kalawan format saperti dina tabél 3.1 jeung tabél 3.2.